



**URWEGO W'UKWIVUNA ABANSI
RW'UBURUNDI
IBIRO BIKURU VY'INTWARAMIHETO**

ITANGANZO KU BIMENYESHAMAKURU

1. Haraciye iminsi, umugwi wa M23 n'iyindi migwi yitwaje ibigwanisho isubiye gutana mu mitwe mu turere tutari duke two muri Kivu ya ruguru muri Republika iharanira intwarz rusangi ya Kongo.
2. Izo ntambara zirasesereza ubuzima bw'abanyagihugu baba muri utwo duce, kandi ziranabangamira ibikorwa ingabo z'akarere k'ibihugu bihurikiye mu muryango wa Afrika y'Ubuseruko zisabwa kuranguru,
3. Nk'akarorero, kw'igenekerezo rya 21 Gitugutu 2023, imodoka z'abasirikare b'Uburundi bari mu ngabo z'akarere k'ibihugu bihurikiye mu muryango wa Afrika y'Ubuseruko, zari zitwaye ibifungugwa ku birindiro vy'ahitwa KITCHANGA na MWESO zarankiwe kurengana n'umugwi wa M23, aho uwo mugwi wugaye ibarabara rija muri utwo turere. Ivyo nyene vyarasubiriye kuba kw'igenekerezo rya 30 Gitugutu 2023, igihe imodoka zari zijanye ibifungurwa zariko zija kuri ivyo birindiro nyene, zankirwa kurengana n'uwo mugwi wa M23. Ibiro bikuru vy'ingabo z'akarere k'ibihugu bihurikiye mu muryango wa Afrika y'Ubuseruko vyarasabwe gutorera umuti izo ngorane, ariko ntivyashoboye kwumvisha umugwi M23 ngo wugurure iryo barabara.
4. Urwego rw'ukwivuna abansi rw'Uburundi ruramenyesheje ko tudashobora kuguma gwihanganira ingendo nk'ayo. Abasirikare b'Uburundi bari mu ngabo z'akarere k'ibihugu bihurikiye mu muryango wa Afrika y'Ubuseruko batgeerezwa gafata ingingo zibereye.
5. Naho hari izo ntambamiyi duhejeje kudondagura, Urwego rw'ukwivuna abansi rw'Uburundi rurongeye kwibuswa abatwara inteko z'Uburundi ziri mu ngabo z'akarere k'ibihugu bihurikiye mu muryango wa Afrika y'Ubuseruko kwama na ntaryo bakora bisunze amategeko bahabwa n'ibiro bikuru vy'izo ngabo z'akarere k'ibihugu bihurikiye mu muryango wa Afrika y'Ubuseruko.

**Umuvugizi w'Urwego rw'ukwivuna abansi rw'Uburundi
BIYEREKE Floribert**

Colonel

